

Èske mwen kapab genyen kopi dokiman yo nan depoziyon an oswa yon transkripsyon de odyans lan?

Wi. Si apèl la depoze epi ankou, ou kapab fè demann yon kopi gratis de anrejistreman apèl la. Si pa genyen apèl ki ankou, yon anrejistreman odyans lan avèk/oswa transkripsyon ekri de odyans lan kapab bay pou yon frè.

**Ki kote mwen ka jwenn yon kopi de Lwa sou Sekirite Travay la?**

Lwa sou Sekirite Travay la twouve nan chapit 96 Règleman Jeneral Kawolin Dinò a. Règ Aministratif Des yo kapab twouve nan Tit 4, Chapit 24 Kòd Aministratif Kawolin Dinò a. Ou kapab gen aksè avèk yon kopi de lwa gouvènans lan sou sitwèb DES la nan [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov), Biwo sitwèb Administratif Odyans lan nan [www.oah.state.nc.us/rules](http://www.oah.state.nc.us/rules), oswa nan <http://reports.oah.state.nc.us/ncac.asp>.


Pou plis “Kesyon ki Souvan Poze yo” (FAQs) sou apèl, vizite sitwèb DES la nan [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov).

Grefye Apèl - Nivo 2  
Konsèy Administratif Revizyon  
Depatman Komès Kawolin Dinò  
Post Office Box 28263  
Raleigh, NC 27611  
Faks: (919) 733-0690  
Imel: [des.ha.appeals@nccommerce.com](mailto:des.ha.appeals@nccommerce.com)

**FÈ DEPOZISYON APÈL YON DESIZYON APÈL NAN KONSÈY ADMINISTRATIF REVIZYON AN PA LAPÒS, FAKS, OSWA IMEL.**

Sitwèb: [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov)

### LEVELS OF APPEALS - CLAIMS



Pibliye pa Depatman Komès Kawolin Dinò a

Pou plis enfòmasyon vizite [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov)  
Fòmilè NCDES 569-E (Rev. 4/2017)



## FÈ APÈL YON DESIZYON



### NIVO 2

FÈ APÈL DESIZYON YON APÈL NAN KONSÈY ADMINISTRATIF REVIZYON AN

Bwochi sa genyen enfòmasyon enpòtan konsènan dwa w yo selon Lwa Sekirite Travay la. Li eksplike pwosesis pou fè depoziyon apèl yon odyans ki te fèt pa yon Jij Apèl nan Seksyon Apèl Divizyon Sekirite Travay la.

**Pou demann ki te depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013, demandè yo fè sijè ranbousman oswa pèman anplis alokasyon ki soti de tout desizyon ki ranvèse pita nan apèl. N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).**

Pwogram asirans chomaj nan Kawolin Dinò a administre pa Depatman Komès Kawolin Dinò a, Divizyon Sekirite Travay la (DES).



*Ou kapab jwenn yon kopi an espagnol nan biwo Depatman komès la, Divizyon Sekirite Travay Kawolin Dinò a..*

### **Kòmman mwen pral konnen ki dokiman m ap aple?**

Chak dokiman genyen non idantifyan avèk/oswa nime-wo. Enfòmasyon yon dokiman idantifyan abityèlman twouve nan oswa tou pre anlè dokiman an, oswa anba dokiman an. Desizyon ki emèt pa Jij Apèl la aprè odyans ou an rele Desizyon Apèl. Nimewo Dosye a sitiye anlè adwat sou premye paj desizyon an.

### **Ki dat limit mwen genyen pou fè depozisyon apèl mwen an?**

Yon apèl de yon desizyon apèl dwe depoze nan delè dis (10) jou de dat desizyon an te emèt la. W ap jwenn dat li emèt la nan dènye paj Desizyon Apèl la. Dat ki mansyone nan dokiman w ap aple a kontwole dat limit lan. Si dat limit apèl la tonbe nan yon wikenn oswa yon jou ferye deta, peryòd apèl la ap fini nan pwochen jou ouvrab la.

### **Kisa mwen ta dwe di si mwen fè apèl yon desizyon apèl ki pa an favè m?**

Depatman Komès Kawolin Dinò, Divizyon Sekirite Travay avèk Konsèy administratif Revizyon an pa ka di w kisa pou w di nan apèl ou an. Ou dwe konsilte yon avoka pou konsèy legal. Apèl ou an dwe ekri. Pa gen yon fòm espesyal pou fè depozisyon yon apèl. Ou dwe deklare dezi w pou fè apèl la epi eksplike rezon ki fè w pa dakò avèk rezolisyon an. Enkli nimewo dosye a oswa nimewo idantifikasyon sijè rezolisyon w ap aple a, nimewo idantifikasyon demandè a, non demandè a avèk anplwayè a, non moun k ap fè depozisyon an nan non pati a, avèk yon nimewo telefòn.

### **Ki moun ki revize epi deside de desizyon Jij Apèl la?**

Konsèy administratif la deside de ka ki aple nan Divizyon Seksyon Apèl la. Konsèy Administratif la fèt de twa manm ki nome pa gouvènè a epi konfime pa Asanble Jeneral la.

### **Èske mwen ka pale avèk manm Konsèy Administratif la konsènan ka mwen ?**

Non. Li enkòrèk epi pa pwofesyonèl pou manm Konsèy Administratif la diskite ka yo avèk nenpòt pati oswa temwen. Epi Pèsonèl Konsèy Administratif la pa kapab

diskite ka endividyèl ou avèk ou. Pèsonèl Konsèy Administratif la kapab asiste avèk kesyon pwosedi a yon fason Jeneral. Nou kapab jwenn Konsèy la nan (919) 707-1610.

### **Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon si mwen gen kesyon konsènan pwosesis la?**

Premyèman ou ta dwe vizite Seksyon " Kesyon Ki Souvan Poze yo" sou sitwèb Divizyon an nan [www.des.nc.gov.com](http://www.des.nc.gov.com), oswa rele Divizyon Seksyon Sèvis legal la nan (919) 707-1025.

### **Èske Konsèy la pral bay mwen yon lòt odyans si mwen fè depozisyon apèl yon Desizyon Apèl?**

Anjeneral, non. Konsèy la pral revize apèl ekri ou te depoze a avèk anrejistremant sou apèl ( temwanyaj, anrejistremant, avèk dokiman ki prezante kòm prèv nan odyans lan anvan Jij Apèl la) Konsèy la pral revize tou deklarasyon ekri selon lalwa ( menm si odyans lan te dirije nan yon fason ki annakò avèk tout egzijans pwosediral avèk legal yo) Desizyon Konsèy la pral baze sou revizyon li a.

### **Kisa mwen ta dwe fè si yon moun di pou m depoze yon apèl nan yon fason ki diferan de enstriksyon mwen te resevwa avèk Desizyon apèl la?**

Ou rèsponsab pou w swiv enstriksyon ki ekri yo.

### **Kisa ki rive aprè mwen fè depozisyon yon apèl desizyon apèl la?**

Ou pral resevwa yon lèt pou akize resepsyon apèl la. Lèt la pral eksplike ou kapab soumèt yon deklarasyon legal ekri avèk demann pou parèt devan Konsèy la pou prezante deklarasyon oral yo. Grefye Apèl la pral rasanble rejis odyans lan tou epi voye l bay Konsèy la pou revizyon avèk desizyon.

### **Èske m ap gen pèmision pou parèt an pèsòn pou prezante deklarasyon oral yo selon lalwa?**

Petèt. Ou kapab fè yon demann ekri pou parèt devan Konsèy la nan Raleigh, NC pou prezante deklarasyon oral yo. Deklarasyon oral yo dwe baze sou temwanyaj

avèk prèv ki te prezante nan odyans lan devan Jij Apèl la. Li se yon chans pou pati yo pou di nan kèk mo si odyans lan te fèt ou non selon rekòmandasyon pwosediral avèk legal yo. Li pa yon opòtinite pou prezante temwanyaj oswa lòt prèv. Chak pati ap resevwa 15 minit pou fè yon deklarasyon. Jwenn apwobasyon pou yon demann pou pèmèt deklarasyon oral dwe fèt totalman nan diskresyon Konsèy la, epi pa rankontre nan anpil ka. Si ou fè yon demann, Konsèy la pral reponn demann ou an a lekri.

### **Èske mwen rekòmande pou gen yon reprezantasyon legal pou fè apèl desizyon yon apèl?**

Ou kapab, men ou pa egzije pou genyen yon reprezantasyon legal nan pwosesis administratif yo. Demandè oswa anplwayè yo kapab fè depozisyon pwòp apèl yo epi reprezante tèt yo (pro se) pandan tout pwosesis administratif apèl la, oswa fè yon reprezantan legal reprezante yo. Ou ta dwe jwenn reprezantan legal yo anvan tout revizyon administratif.

### **Ki moun ki kapab yon reprezantan legal?**

Yon reprezantan legal dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-17(b).

### **Ki kote mwen kapab jwenn yon avoka?**

Ou dwe rele Asosiyasyon Sèvis Referans Bawo avoka Kawolin Dinò a (North Carolina Bar Association's Lawyer Referral Service) nan (800) 662-7660, Legal Aid of North Carolina toll-free at (866) 369-6923, oswa verifye repètwa telefòn lokal ou an.

### **Èske mwen dwe di Konsèy la mwen genyen yon reprezantan legal?**

Konfòm avèk 04 N.C. Kòd admin. 24C .0504(e), avi oswa sètifikasyon reprezantasyon an dwe ekri epi bay Konsèy la li pou fè pati de rejis ofisyèl la.

### **Atanke yon demandè, kisa mwen ta dwe fè si adrès postal oswa adrès imel mwen an te chanje?**

Anjeneral Des voye tout enfòmasyon yo nan dènye adrès ou li konnen an. Ou dwe ekri DES pou enfòmasyon I nan delè 7 jou aprè dat aplikab de tout chanjman adrès. Ou dwe

voje yon avi de nouvo adrès ou an nan Sant Dapèl Sèvis Kliyantèl la, Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611; faks (919) 250-4315 oswa pa imel nan [des.us.customerservice@nccommerce.com](mailto:des.us.customerservice@nccommerce.com). Ou kapab mete ajou tou adrès ou an nan SCUBI. "Dènye adrès ki koni" an vle di adrès ki pi resan ou te bay DES la. DES mete ajou tout adrès yo nan rejis li yo avèk done ki soti nan Baz done Sèvis Postal Etazini an (USPS) Chanjman Nasyonal Adrès (NCOA) yo. Si dènye Adrès ki koni nan rejis DES yo mache avèk non moun k ap peye taks avèk premye adrès lapòs la nan baz done (NCOA) a, nouvo adrès ki nan baz done NCOA s se dènye adrès ki koni pou ou a. Si ou seleksyone pou resevwa kominikasyon DES pa transmisyon elektwonik, ou rèsponsab pou w founi epi mentni yon adrès imel ki valid epi ki an itilizasyon nan DES.

### **Antanke yon anplwayè, kisa mwen ta dwe fè si adrès mwen an te chanje?**

Ou dwe ekri DES pou enfòmasyon I nan delè 7 jou aprè dat aplikab chanjman adrès la. Anplwayè yo dwe voye yon avi chanjman adrès bay Seksyon Administrasyon Fiskal la, Attn: Chanjman Adrès, Post Office Box 26504, Raleigh, North Carolina, 27611; faks nan (919) 715-7194; oswa voye yon imel bay [des.tax.customerservice@nccommerce.com](mailto:des.tax.customerservice@nccommerce.com). Si ou gen yon apèl ki ankou, silvoulè enfòmasyon enstans k ap jere apèl ou an.

### **Èske mwen ta dwe kontinye fè depozisyon demann alokasyon jiskaske tout apèl yo fin deside?**

Wi. Si ou nan chomaj, ou ta dwe kontinye fè depozisyon sètifikasyon w yo de fwa pa semèn jiskaske tout apèl yo fin deside. Alokasyon yo p ap peye pou semèn ki pa reklame yo. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-14.9 and 96-15(b)(2).

### **Kisa ki rive aprè Konsèy la fini revizyon ka mwen an?**

Konsèy la pral emèt yon desizyon ekri, ki rele Desizyon pi wo Otorite a (Higher Authority Decision, HAD). Ou pral jwenn nimewo dosye a anlè adwat premye paj dokiman an. Mwen kapab konfime tou, ranvèse, oswa modifiye desizyon ki te pran pa Jij Apèl la. HAD kapab refize demann yon pati pou yon lòt odyans, rejte apèl la si apèl la pa te depoze nan espas tan ki rekòmande a, oswa rejte apèl la si pati ki fè apèl la pa bay yon deklarasyon ki klè epi ekri ki eksplike rezon ki fè yo fè apèl desizyon apèl la,, oswa òdone Divizyon an pou mentni yon lòt odyans. HAD a pral genyen tou enfòmasyon sou dwa apèl yo pi lwen. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-15(e).